# ÈSKE OU VIKTIM DISKRIMINASYON?

## SITIYASYON KI TA KA ENDIKE DISKRIMINASYON NAN LOJMAN ILEGAL

- Èske mèt kay la te janm di ou yo pa aksepte èd pou lwe kay tankou koupon Seksyon 8 oswa apatman yo pa ta pase enspeksyon?
- Èske li te janm di ou li lwe yon apatman men annapre ou konnen li te mete apatman an sou lis pou lwe ankò?
- Èske li te fè ou konnen yon pi gwo pri pou lavant oswa pou lwe pase sa ki te nan reklam nan oswa pase sa ou te tande lòt moun ap di?
- Èske li te di ou li pa kapab lwe pwopriyete a ba fanmi ou akòz prezans penti abaz plon?
- Èske li te oryante ou nan katye oswa lwen katye yo akòz ras ou, orijinal nasyonal ou, preferans seksyèl ou, relijyon ou oswa andikap ou?
- Èske li te fè ou konnen kondisyon pou lwe oswa vann ki diferan avèk kondisyon li te bay lòt moun yo, tankou diferan frè li mande pou ou peye?

## NAN MASSACHUSETTS, LI ILEGAL POU PRATIKE DISKRIMINASYON NAN LOKASYON OSWA LAVANT KAY AKÒZ KATEGORI MOUN PWOTEJE KI ENDIKE ANBA LA A

- Ras
- Koulè
- Idantite Seksyèl
- Sèks
- Zansèt
- Ran Militè
- Preferans Seksyèl
- Enfimite/Andikap
- Relijyon
- Laj (plis pase 40 tan)
- Eta Sivil
- Orijin Nasyonal
- Sous Revni
  (Èd Piblik, ansanm ak Seksyon 8)
- Sitiyasyon Fanmi
  (tankou si fanmi an gen timoun)

SI OU PANSE *ou te* OSWA *ou* VIKTIM PRATIK DISKRIMINASYON NAN MOMAN AN, KLIKE LA A POU JWENN PLIS ENFÒMASYON:

**Komisyon Boston pou Lojman San Patipri**
(Èd pou Moun k ap Viv nan Vil Boston)

**Pwogram Tès pou Diskriminasyon nan Lojman**
**Suffolk University Law School**
(Defans Etidyan/Klinik Tout Kote nan Eta a)

**Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon**
(Jiridiksyon Tout Kote nan Eta a)

**Depatman Etazini pou Lojman ak Devlopman Iben**
**Biwo Lojman San Patipri ak Opòtinite Egalego**
(Èd Federal pou Kategori Federal Moun ki Pwoteje)

**Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts Divizyon Dwa Sivil**
(Jiridiksyon Tout Kote nan Eta a)

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU *lwa Massachusetts* AK *lwa Federal* SOU *Lojman San Patipri*, ALE SOU SITWÈB:

**Lwa sou Lojman San Patipri**

**Lwa Jeneral Massachusetts 151B §4**

**LIY KONSOMASYON NOU**
**(617) 884 - 7568**

SUFFOLK UNIVERSITY BOSTON | LAW SCHOOL